**Ассаламу гIалайкум!**

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2023 соналъул 25 август Рузман №34 (7795) Газета бахьизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъуруш 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## ЖамагIаталъул газа...

34 мобильнияб бухьеналъул станция хIалтIизе кколаан Дагъистаналда, хасго мугIрузулал районазда «Ростелекомалъ» хIисабалде босухъе. Гьеб ккола Россиялъул тарихалъулаб цебетIеялъул министерствоялъ гIисинал ва рикIкIадал росабалъ бугеб тарихалъулабращалъигьечIольиялъул гIунгутIи рукIкIалиде ккезабиялда хурхун тIоритIулел тадбиразул цояб, ай, гьелда рекъон, рикIкIадал росабалъеги щвезе



буго гьоркьокъотIи гьечIеб мобильнияб бухьен ва интернет.

Гьеб проекталъул цоябльун ккола ТIадинхокьвари росдал «Бурбале» магIарда тIад лъолеб бугеб (жиндир хIалтIи, цо-цо гIиллабазда бан, чаналиго соналъ бехьерхьараб) мобильнияб бухьеналъул вышкаги. ХIубалги лъун, хадубккун хIалтIиги цебехун инчIого, букIана гьениб хIалтIи. Райадминистрациялда тIобитIулебщибаб дандельиялдаги гьоркьоб лъолеб букIана вышка лъеялъул хIалтIаби рагIалде рахьинарияльулгун бухьен чIезабиялъул, цIадал ранщинахъ гьенибе холеб нухалъул суалал. Ахирги гьабуна хIукму щибаб росдал вакилзабиги гIахьаллъун, гвайги гьабун, кколелъур цIиял хисун, гьетIа-кIичIарал-ритIизарун хIубалгун хIалтIи рагIалде бахьинабизе. Районалъул администрациялъул аппараталъул, энергосеталъул, Метрада, Гьакьо, Эчеда, Хьварщи, Инхокьвари, Сасикь, Кьеди, ЦIумада, ТIинди, Гьоркьгьаквари ва Силди росабазд вакилзабазул гIахьаллъигун 22 ва 24 августалда радалго байбихьана гьениб хIалтIи.

ЖамагIаталъул газа кьурдаги рекIунарищха, цадахъ рекъон, рукь цIан хадусала, гьава-бакьалъул хиса-басиязухъ балагьичIого, ана хIалтIиги цебехун. Цогидазе мисал бихьизабун хIалтIанин абулеб букIана цебе цо-цо кьецал-гвазязулъ, гьаниб мисал бихьизабурал киналго ккана: дуца гьабе, досде тIаме лъилго ккечIо, хIалтIул хIасилалги гьелдаго рельльинарищха. Бакьанидехун бараб цIадалъул квал-квал ккечIебани, рагIалде щвелаан букIараб хIалтIи. Цо-цо гIиллабазда бан гIахьаллъизе рес щвечIел росабазул вакилзабаги хIажалъулин хIалтIиян махсародеги буссинабун, тана дагьабго хIалтIи гьезиеги. Божи буго гьебги кватIичIого рагIалде бахьилин.



-Ахираб щуго-анлъго соналъ (цIикIкIун батичIониха), бицунеб хабар букIуна щибаб данделъиялда гуребги, кIиго чи вахьун чIаралъубги Инхокьвари лъолеб вышкаялъул. БукIинарищха, тIолго район, хьатиниб лъураб гIеч гIадин, бихьулеб бугелъул «Бурбале» магIардаса.

Сотовияб бухьенги ккола жакъа мугIрузул районазул халкъалъул аслияб «унтабазул» цояб. МагIарухъ ругел гIадамазеги бокьун буго «кIудияб дунялалъулгун» гьоркьоб кьотIи гьечIеб бухьен букIине, шагьаралъулазе гIадин, тарихалъулал хъулухъал щвезе, тIуразе, дистанционнияб лъай босизе яги онлайн кьагIидаялъ даран-базаралда рукIине,- ян абуна къадеквандерақIарараб бакIалда районалъул бетIерасул заместитель Халилула МухIамадовас гIахьалчагIазе районалъул бетIер Шамил ГIумаровасул рахьалъан баркала загьир гьабулаго. -Республикаялдаго гIадин, нилъер районалдаги, нужедаго бихьухъе, гьелда сверухъ гьарулел хIалтIаби дагьал гьечIо, божи буго, гьадинаб цольикъуватгун кватIире рахьун, хIалтIи гIуцIани, кватIичIого гьаб суалалъе киналго разияб ахир лъелин абун.

ГIахьаллъаразе баркала загьир гьабурал кIалъаял гьаруна Эчедаса ГьитIвас ГьитIвасовас, КIванкьадаса МухIамад Хочбаровас, Кьедиса ИсмагIил ГIашикьовас, Хуштадаса МухIамадамин МухIамадовас ва цогидазги.

Кинаб гвайха букIинеб чIам-чIам гьечIеб, Расул ХIамзатовас абухьего?! Агъвалисан АхIмад Нажмудиновасгун Эчедиса АсхIаб ГIалимухIамадовас гIуцIараб тIагIамаб къадеквандаса хадуб кIиабизеги речIчIиги гьабун, мадар гьабуна гIолохъабаз хIалтIуе. Аллагьас киналго гIахьалчагIазул вышкаялда гьабураб хIалтIи киридае хьвайги, рохалил гурони харбал рагIизе хьван батугеги. Амин.

**Хадижат Залимханова**

## Барки

### Академикасул юбилей

Гьал кьояз 75 сон тIубана Россиялъул ГIелмабазул академик АсхIаб АсхIабовас.



АсхIаб ккола гIалимчи-физик, педагог, СССРалъул гIелмабазул академиялъул ва Коми республикаялъул прикладнияб минералогиялъул рахьалъ пачалихъияб премиялъул лауреат, РАНалъул Коми республикаялъул ГIелмияб централъул президиумалъул вукIарав председатель, Россиялъул ва Болгариялъул гIелмабазул академиязул хIакъикъияв член. Гьев вуго гIажаибго гIадатияб гIамалхасияталъул инсан, Дагъистаналъул щуго академиказдасан цояв.

Дунялалъул минералогиялъул гIелму цебетIезабиялъулъ АсхIаб АсхIабовас лъуна кIудияб бутIа. Жакъасеб искусственнияб кьагIидаялда кристаллал гIезариялъул ишалда жанибги пайда босула гьес ургьарал цIиял кьагIидабаздаса.

РакI-ракIалъ баркула АсхIабида гьавураб кьо, гьарула сахлъи, рохел, гьабулеб ишалъулъ битIккей.

### ЦIияб хъулухъ



Дагъистаналъул республикаялъул хIукуматалъул хIукмуялда рекъон, РичIагьанихъ росулъа Даитбегов МухIамад АхIмаднабиевич тIамун вуго ДРялъул миллияб политикаялъулгун диниял ишазул министерствоялъул миллияб политикаялъулгун информациялъулаб управлениялъул нухмалъулевлъун.

Баркула МухIамадида цIияб хъулухъ, гьарула хъулухъалъулал болъабазул тIогьиве вахине щулияб сахлъи, халатаб ва талихIаб гIумру.

## Сердцем приветствую счастливых хушетинцев

С тех юных лет, когда, восхищенный подвигом Аси Денисенко, я поднимался пешком к Вам для снятия фильма «Мир оставляю вам...», Выхушетинцы, цихалал и метрадинцы- поселились в моем сердце. Клянусь: я Вас полюбил неизменно и бесповоротно!

Вы-люди большой Высоты, человеческой Верности и горского Величия! Спасибо каждому, кто уберег сёла и сакли предков, ибо осиротевшие хутора и сёла- это кровоточащие раны нашей истории с пронзительной болью, упреками предков и растерянностью потомков.

Знаю, что Вам и Вашим предкам было тяжело, очень тяжело, но Вы не жаловались и стоически превозмогли все тяготы бытовой необустроенности, нищенской обездоленности, чрезмерной отдаленности и опасного бездорожья. В жизни важно быть не только воинами, но и тружениками тоже. Создать бы этнографический музей и саклю Кунака в Хушети!

Эхо донес слух о том, что Абдулмуслим Мухидинович Абдулмуслимов приедет к Вам. Прошу передать могучему руководителю Дагестана гранитный салам и мольбу задуматься об обустройстве жизни в горных селах, ибо всеобщая урбанизация- порочна по сути и последствиями. Наш всеобщий долг- придать смысл, комфорт и притяжение, живущим в горах! Вспомним сегодня с благодарностью и великого совнаркома Абдурахмана Даниялова тоже, который поднимался в Хваршини в тяжелейшие времена.

Уважаемые земляки!

У Вас есть полное моральное и юридическое право выразить публично благодарность беспокойному земляку Абдурахману Камилову и его команде за их великий труд по прокладыванию дороги к нашим вершинам и Вашим сердцам! Пожелаем же ему и его героическим коллегам не уставать на поприще служения благополучия Отечества!

Поздравляю каждого и всех Дорогой в новую Жизнь! Я всегда с Вами!

**С уважением, доктор Магомед Абдулхабиров**

**Школал-цIалул цIияб соналде**

# ТIоцебесеб сентябралде хIадур руго

ЦIалул сон байбихьизе хутIун руго дагьалго кьоял. Ридалил халатал каникулаз хIухьбахьана цIалдохьабаз. ЦIализе бугеб гьира-шавкъгун рачIина гьел школалде.



Ясли-ахаз къватIире риччарал гьитIичал тIоцере гIодор чIела партабазда нахъа.

БачIунеб цIалул соналъул хиса-басиязул ва школал цIалдохьаби кьабул гьаризе хIадурлъиялъул бицун нижер гара-чIвари ккана районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулей Зайнаб ГIабдусаламовагун.

**-Кинаб хIадурлъи бугеб районалъул школазда цIияб цIалул соналде?**

-Районалда ругел школал цIалдохьаби кьабул гьаризе хIадурал руго. Исана школазда капиталиял ремонтал гьаризе рихьизарун рукIинчIо, щайгурелъул конкурсалда нилъер школал тIаса рищичIо. Планалда букIана ТIадхъварщини, Гъоркьхъварщини школазда капиталияб ремонт гьабизе, г1ей гьабизе ккана гIисибикьинабго ремонталда.

ТIоцебесеб сентябралда федералияб программаялда рекъон бараб нусиялда кього цIалдохьанасе бакI бугеб КIванада росдал школа хIадур буго цIалдохьабазе нуцIби рагьизе.

Гьединго ТIинди росулъ лъабкього лъимералъе бакI бугеб лъималазул ах хIалтIизе байбихьизе буго. ТIисси росулъ школаги хIадураб буго, амма хIажатаб оборудование жеги щун гьечIо.

**-Чан цIалдохьан исана партабазда нахъа гIодор чIезе ругел?**

-Жакьа кьоялде ругел баяназда рекъон, 2430 цIалдохьан кьабул гьавизе вуго районалъул росабазул школаз. Араб соналде дандеккун гьезул кьадар дагьабго г1одобе ккун буго.

**-Кинаб бугеб ахIвал-хIал районалъул ясли-ахазда?**

-Ясли-ахазда дагьабго ремонт гьабуна.

Школаздаго гIадин, гьитIичазулги кьадар сонидаса-сониде дагьлъулеб буго батIи-батIияв гIиллабазда бан.

**-Кин бугеб специалистаздалъун школал хьезариялъул суал? Чан гIолохьанав специалист-мугIалим вачIарав районалде хIалтIизе?**

-Исана педагогикиял университетал лъугIун рачIарал специалистал ккечIо. Щибаб сонайил сентябралъул байбихьуда нижеца цIех-рех гьабун, педагогасул хIалтIи тIаса бищарал студентазул сияхI гьабула ва бухьен букIуна гьелгун.

-Специалистаздалъун хьезариялъул рахьалъ «Земский учитель» программаялда рекъон, ТIинди школалде физикаялъул учитель вачIине вуго гIолел гьечIо математикаялъул, гIурус ва инглис мацIазул мугIалимзаби.

**-Сонайилго хисулеб ва цIилъулеб буго цIалул система. Исана кканищ хиса-басиял?**

-Исанасеб сон лъазабун буго «Педагогасул ва насихIатчиясул» абун. Гьелъ учителасул хIалтIудехун кIвар буссинабила, тIадегIанаб даражаялде бачина гьесул хIалтIул кьимат. Гьал кьояз республикаялъул лъайкьеялъул министрасул тIоцеесей заместитель Аида ГIусманхIажиевалъул нухмалъиялда гьоркь тIобитIараб видеоконференциялда лъикIаблъун бихьизабуна 5-11 классазда цIалул анкь щуго кьоялъул кьагIидаялде сверизаби.

**-КватIичIого букIина августалъулаб конференция, цIалул араб соналъул хIасил гьабулеб ва бачIунелде хIадурлъиялъул бицунеб. Кинал тадбирал тIоритIизе планалда ругел гьелда хурхун?**

-Педагогалгун тIоритIизе руго семинарал. ГIемерал хиса-басиял руго цIалул программаялда сверухъ. Хасго щуго кьоялъул хIалтIул кьагIидаялде рачIигун. ТIоцебесеб сентябралдаса нахъе цIалул федералияв программабазда ккарал хиса-басиязул бичIчIикьеялъул хIалтIи гьабизе буго педагогазда гьоркьоб. Ясли-ахазул, байбихьул ва чIах1иял классазул программабазда гIемер хиса-басиял ккун руго.

**-Кинаб кьимат кьелеб араб соналъ пачалихъиял экзаменал кьеялъул хIасилазе?**

-Цереккун соназде дандеккун цIалдохьабаз экзаменазда бихьизабулеб лъаялъул даража лъикIлъун буго.

Бугониги, экзаменал кьечIезул кьадар исана цIикIкIана. АнцIила цоабилеб классазда кьоло анлъго цIалдохьанасе бищун гIодобегIанасебцин даражаялда баллал гIечIо.

6-12 сентябралда гьезул ихтияр буго цоги нухалъ экзаменал кьезе. Гьединабго хIал буго ичIабилеб классаздаги.

**-ТIахьаздалъун хьезариялъул суал кин бугеб?**

-ТIахьазул рахьалъ квал-квал гьечIо. КIванада ва Гьигьалъ цIиял рарал школазе хIажатаб кьайигун цадахъ швезе руго тIахьал. Школаз кьурал гIарзабазда рекъон, нижехъе тIахьал рачIун руго.

**-ЦI алул цIияб соналде щиб гьарилеб мугIалимзабазегун цIалдохьабазе?**

-МугIалимзабазе гьарила сабру, гьабулеб ишалъулъ квербакъи, щулияб сахлъи, гIодоре риччай, цIализе гьира бугел цIалдохьаби ва гьезие тарбия кьолел умумул цIикIкIин.

БичIчIула, щуго кьойилаб хIалтIул кьагIидаялде рачIингун, байбихьуда захIмат букIина, амма гьеби рукIкIалиде ккела.

**Заур Бадрудинов**

**ГIадамал, нухал, транспорт**

# Хушетдерил анищ тIубана

Районалъул росабазда гьоркьоб бищунго рикIкIада бугеблъун ккола Хушети росу. Гьеб буго тIабигIаталъ цо хасаб берцинлъи кьураб бакI. Жибго мугIрул карандa бугониги, гIазулъ тIерхьарал мугIрузул тIогьалги, цебе рохьги, сверухь тIогьоль росарал гIатIидал расальабиги, гьелги рикьизарун, гуржиязул гIорхьодаса байбихьулеб, полпихараб лъарги-росдал берцинаб тIабигIатги, бацIцIадаб гьаваги-гIемераб мехалда кIоченаро ихдалгун риидал гуребги, хасалогицин гьенире шваразда.

Амма гьебго заманалда тIабигIат берцинаб хушетдерил ракьалъул буго кIиабилебги рахъ: лъелго ине яги хIама хьвадиялъе гурони гьечIеб нух, зама-заманалда гьоркьоса кьотIун гурони букIунареб электрикалъул канльи, льикI хIалтIулареб бухьен. Хушети росдал гIадамазул анищлъун ккола рехсаралщинал гIузраби ва божи-хьулги буго гуржиязул гIорхъода ругел жидер кида-къадги гьел льугIилел ратилин абун. Гьебго хьулалда руго гьаб сураталда нужеда рихьулел, хIамидаги рекIун ругел Хушети росулъа гIисинал чагIи, гьелъул чIухIараб букIинесеб-МухIамад ва ПатIимат МухIамадовал.

-Рии бакьулъцин гIаздал цIун рукIунел мугIруздаса дагьалъ букIунги сухъмахънух букIуна, гьединлъидал рес рекъола къватIирежанире рахъине, хIажатаб-тараб босизе. КватIичIого тIаде щвезехьин буго хасел ва ниж махIрумлъула цохIого цо бугеб «гIумрудул шагьра-сухъмахънухалдасаги. ТIубараб хаселалъ «кIудияб ракьалдаса» ратIа тIола ниж,-ан абуна лъималазул эбел Аминатицаги.

Дир лъимал кIудиял гIелалдениги росулъе автотранспорт хьвадизе батилин хьулалги камуларо, гьелда анищгун къаникье арал гIемерал ругин росуцояз абидал, нахъойги пашманлъизеги бачIуна...



Метрада-Гъоркьхъварщини нухда дандчIварал нижеца цоцазда «Нух битIаги»,-ян абуна ва ниженижер сапар цебехун бухьана: гьезХушетибехун, дица-Агьвалибехун. Аллагьас ц1унаги, цо балагьаб иш ккани, к1иябго лъимералдасан бат1алъизехьин буго гурищ хьизанилан паркьана цо лах1заталь пикру...

ИншаАллагь, гIемер кватIичIого тIубазе батила гьезул мурад-анищ,-абун диего рак1 батизабуна, бот1роль кIетIолел квешал пикраби рачахьун, лабаллъабазда бугеб чIедераб сухьмахьнух ккун ячIунаго. Гьеб мехаль кIочене батила дол дида дандчIварал, ротричIого





рукIинеян эбелаль цоцаль щулаго кваралъги рухьун, унел рукIарал лъималазда цо кидаялиго жал гIагараб росулъе хIамидаги рекIун унел рукIараб замана.

**Хадижат Залимханова**

**Сураталда:** хIамидаги рекIун Хушети унел лъимал.

**P.S.** Гьадинаб, дирго мукъсанал пикраби загьир гьабураб макъала хъван букIана дица 2008 соналъул 24 октябралда къватIибе араб №46 «ЦIумадисезул гьаракь» газеталда «Хушетисел-лъикIалде хьулгун» абураб цIаралда гьоркь.

АнцIила анкьго сон цо къо арабгIанги лъачIого ана долдаса нахъе, гIемер лъим чвахана, хиса-басиял ккана районалдаги. Г1емераб жо бихьизе хъван бук1ун буго нилъедаги.

Бищун лъикIаб хиса-басилъун ккана Хушети росулъе гьал къояз шагьра-нух бахъи, «кIудияб дуниял» бихьизе жидерго маххул чуяздаги рекIун ине росдал гIадамазе рес щвей. Тарихалде ана доб щивасул щокърониб кьараб молодаги лъун больницаялде унтарал щвезарулеб замана, кире цIумадисел цваниги, гьезие бадибчIвай хIисабалда бихьизабулеб гьединабго видео.

Гьеб киналъулго «гIайибияв» ккола Халкъияб Собраниялъул депутат, нилъер ракьцояв ГIабдурахIман Камилов. Гьесие кьолеб баркаладул бицун рагIалде щоларо Ункъракьалъулал, Аллагьас гьесие кири кIодо гьабеги. Рохалие гурони цIияб шагьранухдасан къватIире рахьине хьван батугеги хушетисел. Амин Аллагь. Жидерго маххул чуяздаги рекIун, чанги рехе-эхеде ина дол соназ кваразги рухьун, хIамуздаги рекIун, хIинкьи цIикIкIараб хIалалда рукIарал парсазул сухьмахьнухаздасан арал хушетдерил лъимал-хушетдерил жакьасеб ва букIинесеб гIел.

Хушети цIияб шагьранух рагьиялда хурхун материал бахьила хадусеб номерада.

**Поэзия**

## Берцинал ясал

Берцинал ясазул хІеренал ракІал,
МукІурлъичІо жеги нуж согІлъиялъе.
Зулмуяб къуваталъ рахьана хъулби,
Амма нужеда гьелъ гьабичІо кверщел.

Нужер хІурмат гьабун чан чІухІухъанас,
ЧІарбида накаби тункизарурал.
Бащадаб дуниял асирги гьабун,
АсирлъичІищ чанги къирал нужее.

Огь, гІолилал ясал, берцинлъиялъищ,
Беразулъ бахчараб бальголъиялъищ,
Хадув гъолев гьечІо кин ургъаниги,
Кисиналъ дун цІикІкІун цІалев нужехъе.

Дунги гІумруялъго берцинлъиялъул
Цо гьитІинав асир гьаб дунялалда,
Гьеб асирлъудаса дун ворчІиларо,
ЧІаго дунялалда вугебгІан мехалъ

**СайгидахІмад АхІмаднабиев,**
ЦІияб Сасикь росу

## Дир кечІ

Дир кечІ, дир рокьул кечІ, боржа мугІрузде
Боркьараб саламгун магІарулазде.
Щва мун Шаваялда, гьури кинигин
Дир лъимелъи араб росу бихьизе.

Дир кечІ, магІарул кечІ, щва мун магІарухъ
КъатІнор гІодор чІарал дол харабазухъ,
Дозулги букІараб рокьиги, кечІги
Араб гІолохъанлъи ракІалде щвезе.

Щва мун щибаб рокъоб, щобил бакъ гІадин,
КочІоца щивниги къварид гьавичІин.
Дир кечІ ярагъ гуро, я ханжар гуро
Гьелъ ругъун лъурав чи жеги рагІичІо.

**Мусаева Зулейхат,** Эчеда росу

## ЦІумазде

ЦІумал роржунел руго
ТІаса балагьун гьезда.
ЛъикІаб, квешаб кинабго,
Цебе тІамулеб буго.

ЛъикІаб бецулеб буго,
Квешаб какулеб буго.
ГІадлуялъул ритІухъльи,
КъвакІарал дир цІумазул.

РитІухъаб нух ккун чІезе,
Къуват кьеги Аллагьас.
Мекъаб, тІекъаб борцине,
ГІакълу кьеги Аллагьас.

ГІакъиллъиялъул хІикмат,
Сабру кьеги Аллагьас.
КъучІаб нухда хьвадизе,
Иман кьеги Аллагьас.

**МухІамад Коратов,**
ТІинди росу

## Дагъистан

ГІалимзаби гІемераб, вагІза боси цІакъ дагьаб,
Бусурбаби гІемераб, иман бугел цІакъ дагьаб,
Патриотал гІемераб, ватІан бокьи цІакъ дагьаб-
Жагьиллъиялъ угьдулеб буго гьанже Дагъистан.

Диваналъ хІукму кьотІи къваригІичІел гІемераб,
ГІакъилзабазул пикру хІажалъичІел гІемераб,
ХІалихьатчагІазулги рахъ кколел камулареб,
МацІихъабаз угьдулеб буго гьанже Дагъистан.

Божи бугел цІакъ дагьаб, рокьукълъи гІемерлъараб,
ГІолохъаби чучlараб, чилъи чорхолъ тІагІараб,
Харабазулги адаб хадуб гьабизе тараб,
Тамашаяб замана бачІун буго, Дагъистан.

Дица гьадин абила, изну кьун, виччан тани,
Те нилъер имамзаби, гьез шагьидлъи босана.
Те дол гІалимзабиги, гІелму нилъей нахъ тарал.
Тарих нилъеца гьабе, цІуне нилъер Дагъистан!

**МухІамадхІабиб Саадуев,** ЦІияб Сасикь росу

## Щиб жо кколеб рокьи?

Рокьи, цІалеб хІухьел цадахъ хехлъани,
Хиялалъ цо мурад цадахъ тІубани,
ТІогьолъ унеб гІумру цебе тІамуни,
ТІаде гьаваялда ракІал цолъани.

«Ни»-ялда бан буго гьаниб кинабго,
БетІергьанас хІукму кьотІун батани,
Квал базе гІедегІун, гІумру мекъи ун,
Кьолел гІазабазул кьалде ккечІони.

Гьаваялъ черх квегъун, чанай берал лъун,
Бихьа-бихьаралъухъ кколебги гуро,
Цо ккурайги йокьун, талихІ бокьидал,
Рукьбуз гьанай кьолеб кьер-кьераб гІазаб.

«Рокьул къайисилан» цІар дидаги чІван,
Гьелъий жаваб кьезе дидаги рехун,
ЦІар цоязе бугеб, цІа чидай бугеб,
Бихьулищ къагІида гьаб гІищкъуялъул.

**МухІамад ТІалхІатов,** Сильди росу

## Хивалазул хан

Пикрабалъе хьвадун, хьулазде квалун,
Хьолбохъ вугониги, ханлъун хивалалъ.
Мун рикІкІалъанагІан, ракІалъ цІехолев,
ЦІа гІадаб рокьуе кьал щай ахІулеб?

ГІайибазул рахас дидеги гьурщун,
Гьудул, гьанже щай мун нахъегІан кьалев?
Къадар хьвалеб кьалам кІихІиги бекун,
БацІцІадаб рокьуе щай хисардулев?

Нилъер талихІалъул къуват лъугІунищ,
Кваридго дунги тун, арав дир дармн?
Цинги хІасраталъул хІалги лъугІунищ,
ХІулиги дихьго тун, хІинчІ боржун араб?

**ПатІимат МухІамадова,** ТІинди росу

## Дидагоги бихьана, дунго нугІлъунги ккана...

Гьеб бихьана хирургиялъулаб отделениялда бугеб, ай гьенир регаразул баркалаялъул рагІабаздалъун. Лъаларо кинаб хІикмат гьебали, больницаялда щварал унтараздехун исламияб тІалабги, недегьаб каламги, гьимиги, рахІмуги гьабулел хІалтІабиги рихьидал, малаикзабиян кколаан.

Больницаялда бараб заманги букІана бищунго хирияб гІагарал чагІазда аскІоб бараб гІадинаб. Нахъе инзецин бихьулеб букІинчІо. ПалхІасил больницаялда чІезабун бугеб рацІцІалъиги, тохтурзабазул тІалабги, щулияб гІадлу-низамги, унтараздехун бугеб бербалагьиги бихьидал битІахъе гІажаиблъизе бачІана.

Дунгун цадахъ регун рукІаразулгун дирго рахьалдасан бокьун буго ракІ-ракІалъулаб баркала загьир гьабизе хирургиялъул отделениялъул нухмалъулев ГІумарасхІаб МухІамадовасе, тохтурзаби Арсен ХІамзатхІажиевасе, МухІамад ХІабибовасе, медсестра Замира Разакъовалъе, цІарал хьван рехсечІониги, тІолабго коллективалъе. Ниж гІадин, Аллагьги разилъаги нужеда.

Аллагьас нужер хІалтІи кирилъун хьвайги, кьеги нужее щулияб сахлъи ва халатаб гІумру, щулалъаги нужер ракІазулъ иман, баракат лъеги нужер ризкъиялда, лъимал-хъизаназдаса рохун хутІаги.

**Мажид ГІабдулгъапуров,** Гьигьалъ росу

**Дин ва гІумру**

## Васият

Дунялалъул рокьор нилъ абадияллъун гьечІо, хвел щивасде щола, гьеб бачІинеги буго тохлъукьего. Дунял тун индал гьабулеб гІамал-гІибадат къотІула амма ТІадегІанав Аллагьас гьеб къотІунгутІизе сабаблъун гьабун буго чанго жо. Гьединазул цояб буго васиятги. Гьебги ккола жиндир хвелалда хурхинабун чияс гьабун толеб ракІ- ракІалъулаб садакъа.

МухІаммадгІариф Къурбанов

Гьединлъидалин бугеб шаригІаталда бихьизабун балугълъиялде вахарав щивав чияе, живго хвелалде, васият гьаби, гьеб хьван тей. Васият гьабиялъул хІакъалъуль хирияб Къуръаналда рехсон буго, Аварагасул хІадисалги гІезегІан руго.

Къуръаналда буго (магІна): «Нужер цонигиясде хвел гІагарлъулеб мехалъ, нахъе толеб магІишат, боцІи-мал бугони, нужее бихьизабуралъун буго эбел-инсуегун гІагарлъиялъе шаргІалда рекъараб хІалалъ васият гьабизе... », - ян (суратул «Бакъара» 180 аят).

ХІадисалда буго: «Жиндир боцІи-мал бугев чиясе бегьизабураб гьечІо кІиго сордоялъгицин хьвараб васият гьечІого вукІине», - ян (Бухари, Муслим).

«Бугъятул мустаршидин» абураб тІехьалда хьвалеб буго васиятги гьечІого хварав чиясда хабалъ вугебгІан заманалъ гьенив (дунялалдаги ахираталдаги гьоркьоб буго барзахин абун киналго хваразул рухІал данделъулеб бакІ) кІалъазе кІоларин.

Аварагас абунин ибну Мажагьидасан бицун буго: «КІудияб лъикІлъиялдаса махІрумлъарав чи вуго васияталдаса махІрумлъарав чи, Васиятгун хварав чи Аллагьасул нухда, Аварагасул суннаталда, Аллагьасукьа хІинкъиялда, шагьидлъиялда, жиндир мунагьал чурун хварав чи вуго», - ян абун.

Васиятги ккола хун хадуб чияс жиндир боцІи-мал, буголъи лъикІаб рахьалде буссинабеян хьван тей. Гьебги ккола жиндир ирсилал бечедал ругониги, мискинал ругониги нахъе хутІаралъул лъабил бутІаялдаса цІикІкІинчІеб жо. Лъабил бутІаялдаса цІикІкІараб кьадар рикІкІунаро. Васияталъе тараб лъабил бутІаги халгьабула гьесда тІад батараб налъи чияе кьезе кколеб хІакъ тІубан хадуб.

Васиятги букІине бегьула, гІемераб магІишат, боцІи-мал нахъе тун гьеб бикьи гуреб (шаригІаталда гьединги хварас нахъе тараб ирсилазе лъие щиб щолебали бихьизабун буго) гІага-божаралгун диналъул агьлу Аллагьасдаса хІинкъиялде ахІараб, шаригІаталъул хІукъукъазда тІадчІей гьабеян малъун хьварабги.

Васияталъулъ цере гьаризе бищунго хириял руго ирс щоларел гІагарал чагІи, хІажалъи цІикІкІарал лъикІлъиялъул агьлу.

Васият гьабизе бегьула гІаммаб, хІалалаб рахьалдеги . Масала, мажгит кьачІай, гьелъул маслахІатал тІурай гІадаб. Васият гьабизе бегьуларо, гІаммаб рахьалде бугониги, хассав чиясе бугониги жиндилъ гІасилъи, хІарамлъи-карагьалъи бугел жалазе.

## Чи холелъул…

Пуланав чиясул хвалде гІагарлъиялъул гІаламатал загьирлъидал, суннатаб буго гьумерги кьиблаялъул рахьалде буссинабун, хьибиналде вегизавизе. Кваранадде рес рекъечІони, гьумерги гьоркьа хІатІалги кьиблаялде руссинарун, мугъалда вегизавила. Гьединго лъикІаб буго «Ла илагьа иллаллагь» абураб калима малъизе, балугълъичІев вугониги,- гьеб ракІалдеги щун, абизе букІине.

Жабир Мажидов

Аварагас абуна: «Холезда аскІор ругез гьезда «Ла илагьа иллаллагь» малъе, алжаналъул рохелги бице. ХІалимавцин гьаб бакІалда хІайранлъула, шайтІанги Адамил лъимаде бищунго гІагараб гьаб бакІалда букІуна. Дир нафс кодосев АллагьасхІаги, цохІо Малакул-мавт вихьи кутакаб буго азарго нухалъ хвалчен кьабиялдаса. Дир нафс кодосев АллагьасхІаги, лагъасул рухІ бахъуларо, жиндир щибаб лагаялда батІа-батІаго унтичІого», - ян.

«Ла илагьа иллаллагь абураб калима малъулев чи унтарасде тушманлъиги хІасадги гьечІев ирсилав гурев вукІине лъикІаб буго. Гьебги унтарасда «гьесие дун хехго хвезе къваригІун бугин» абун ракІалде ккеларедухъ. Амма ирсилал гурел гьечІони, гьезул бищун гурхІулес малъила. Гьеб малъила гурхІалида, берцинго, дуца абеян абичІого, унтарасе гьелдалъун зарал ккечІого букІине. Малъулелъул гІемерго тІадчІейги гьабиларо. ЦоцІул малъун гьес абуни, тІокІаб малъиларо, гьес цогидаб калам гьабичІони, Аварагас абуна: «ХІакълъунго жиндир ахирисеб калам «Ла илагьа иллаллагь» бугев алжаналде лъугьуна», - ян.

Жеги лъикІаб буго хвел гІагарлъарасда лъим гьекъезабизе. РухІ бахъиялъул захІмалъиялъ кутакаб къеч бергьуна, цинги шайтІаналъ кьосинавиялда хІинкъи букІуна. ХІадисалда бачІана: «ШайтІан бацІцІадаб, тІокІкІараб лъимгун бачІуна ва жинцаги абула, дуца абейин «дун гуреб лагълъи гьабизе кколеб жо гьечІин», дица дуе лъим кьезе», - ян. РухІ бахъулесул лъеде хІажалъи загьирлъичІониги суннатаб буго гьесие лъим кьезе, амма загьирлъани, тІадаб буго.

Гьединго суннатаб буго тІатун суратул «Ясин» ва бальго сурату «РрагІд» цІализе. «Ясин» цІалиялъул хІикмат ккола гьелъуль бицунеб бугеб кьиямасеб кьоялъул, тІаде рахьиналъул ахІвал-хІал ракІалде щвезаби. «РагІд» цІалиялъул хІикмат буго гьелъ рухІ бахъи бигьа гьабулеб букІин. Гьединго рухІбахъи бигьа гьабула сивак бахъиялъги.

Гьеб кІиялъулго хІакъалъуль бачІана: гьесда аскІоб гьеб цІалани, къеч хьваравлъун хвелин ва хабалъеги лъугьинин абун. Цоялда кьокълъун чІолев вугони, магІна бичІчІулесда аскІоб «Ясин», бичІчІулареседа аскІоб «РагІд» цІалила.

ХІадисалда бачІана: «Жибрил вачІунила МухІаммадил умматалдаса какичуриялда хварав чиясда аскІове», - ян. Гьединлъидал унтарасги гьесда аскІор ругезги хІаракат бахьила какичуриялда рукІине.

